



Gid pou ede ou antre  
nan plan ki bon pou ou

– Plan Humana pou Medikaman  
sou Preskripsyon

**Humana®**

Y0040\_SPM\_BOOK\_PDP\_CR\_16\_Accepted

# Mèsi

Mèsi dèske ou enterese nan chwa Medicare Humana. Men kék enfòmasyon ki bay eksplikasyon sou Medicare. Nou vle ede ou chwazi plan ki bon pou ou.



“Humana se yon konpayi k ap travay pou ou. Pou nou, Medicare se yon afè pèsonèl. Se rezon sa a ki fè moun nou yo la pou ou – chak etap pwosesis la. Se fason nou sipòte byennèt alontèm.”

Alan Wheatley – Prezidan, Humana Retail Segment

# Patnè ou nan sante ak byennèt ou

Lè ou chwazi Humana, ou chwazi yon relasyon pou ede ou kenbe, amelyore ak kontwole sante ou. **Se pa asirans sèlman... Se manm nou yo, ak asosye nou yo, ki asosye pou fè yon diferans.**



Barbara te fè yon diferans.

*“Kòm yon responsab prensipal dosye, youn nan responsabilite mwen yo se rele manm yo nan telefòn apre yo kite lopital. Premye moun mwen te rele nan telefòn se yon madanm ki gen laj 68 an ki t ap refè apre yon ranplasman total jenou li. Mwen te tande yon mesaj vokal ki di, “Si ou se yon zanmi oswa yon manm fanmi, kite yon mesaj.” Mwen pa te fin konnen sa pou mwen fè, men mwen kite yon mesaj. Pita li te retounen mwen koutfil la epi ansanm nou te revize eta sante li, epitou nou te pale sou sa li te kwè li bezwen pou li rive geri nèt. Nan moman nou t ap fè travay nou ansanm, li te konsidere mwen tankou yon zanmi pou li. Mwen kontan pou di, jou sa a, avèk manm sa a, **mwen te gen chans pou fè yon diferans.**”*

– Barbara Q., RN, Responsab Prensipal Dosye  
Centennial, Colorado

Pandan prèske 30 ane, Humana ofri plan Medicare yo pou piblik la. Nan epòk sa a, manm nou yo, ak moun tankou ou, montre nou anpil bagay sou jan pou nou yon vin yon pi bon patnè nan sante. Nou chanje fason nou konprann kisa sa vle di pou bay pwoteksyon swen sante. Sa grandi pou vin yon patenarya pou ede ou reyalize objektif ou tabli avèk doktè ou.

Sa ka senp tankou yon koutfil oswa yon imèl pou bay kèk ti konsèy sou jan pou jwenn pifò benefis ou yo. Sa kapab yon vizit lakay ou oswa sa kapab sipò alontèm pou nou ba ou si ou gen yon maladi kwonik. Oumenm ak doktè ou fikse pwosesis la; nou la pou sipòte ou nan vwayaj ou.

## Nou avèk ou nan pwosesis swen sante ou.



Pwoteje sante  
ou ak finans ou



Fè byennèt  
ou pi bon ou kapab



Kontwole  
sante ou

# Fason pou chwazi plan medikaman sou preskripsiyon Humana ki bon pou ou

Ou pa ta dwe gen konfizyon pou pran yon desizyon sou pwoteksyon Medicare ou. Humana vle pou fè li pi senp pou nou ede ou konprann chwa ou yo.



## Kijan ou espere itilize plan medikaman sou preskripsiyon ou apre yon peryòd tan?

- Ki medikaman w ap pran kounye a?
- Èske w ap pran nenpòt medikaman pou kenbe sante w, oswa medikaman espesyalize?
- Si ou kwè ou ta ka enskri nan yon plan pou medikaman sou preskripsiyon, èske medikaman ki genyen nan plan an se medikaman ki garanti?
- Ki kotizasyon nan lajan w ap peye chak mwa?



## Èske gen nenpòt lòt resous ki disponib pou ou ede ou avèk depans yo?

- Èske ou kalifye pou resevwa kèk benefis nan Administrasyon Veteran, TRICARE®, Medicaid, oswa pwogram asistans famasi nan Eta kote w ap viv la?

“Avèk plan Medicare mwen, lè mwen gen yon kesyon sou preskripsiyon mwen... mwen sèlman genyen pou rele Humana Pharmacy. Se yon bagay ki fasil lè ou gen Humana.”

– Elizabeth M.  
Humana Gold Plus HMO  
Ormond Beach, Florida

**Humana vle senplifye pwoesis la pou ou, pou ede ou wè aklè kisa ki pi enpòtan pou ou. Epitou, nou kapab ede ou jwenn plan ki pi bon pou ou.**

# Jwi avantaj siplemantè avèk yon plan Medicare Advantage nan Humana pou medikaman sou preskripsyon

Chwa ou yo enpòtan, epi poutèt sa w ap ekonomize lajan ou. Yon plan Medicare pou preskripsyon sou medikaman (PDP) ka ede ou diminye depans medikaman sou preskripsyon ou, epitou plan an ka ede pwoteje ou pou pa fè gwo depans pidevan.

Men, ou pa kapab jwenn garanti pou medikaman sou preskripsyon nan Original Medicare. Yo ofri li nan konpayi prive – tankou Humana – ki gen yon kontra avèk Medicare pou bay plan medikaman sou preskripsyon. Chak plan ofri garanti pou yon lis medikaman espesifik ki rele yon fòmilè. Chwazi plan ou avèk anpil prekosyon pou asire li garanti medikaman ou itilize regilyèman yo.<sup>1</sup>

**Medikaman sou preskripsyon ak lòt medikaman kapab koute ou chè. Nou kapab ede ou kontwole depans sa yo avèk sa nou ofri yo ki endike anba la a:**



## Sèvis famasi pou achte medikaman

**pa lapòs** – Famasi pou achte medikaman pa lapòs, tankou Humana Pharmacy<sup>TM</sup>, ap voye apeprè yon kantite medikaman pou kenbe sante w pou 90 jou ak materyèl pou dyabetik dirèkteman ba ou.<sup>2</sup> Si ou ta renmen jwenn plis enfòmasyon, ale sou sit wèb **Humanapharmacy.com** pou wè si ou kapab ekonomize lajan. Gen lòt famasi postal ak famasi espesyalize ou ka jwenn nan rezo nou an tou.



**SmartSummary<sup>®</sup>** – Etadkont sa yo fè li fasil pou swiv kijan ou sèvi avèk plan ou, sa ou te dekwè ak lòt konsèy itil.



**Maximize Your Benefit<sup>SM Rx</sup>** – Pwogram Humana sa a ki bay mesaj sou posiblite pou ekonomize lajan sou medikaman sou preskripsyon.




**MyHumana** – Ou gen bezwen inik, poutèt sa pou kisa ou pa gen zouti pèsonalize pa ou pou ede ou kontwole plan medikaman sou preskripsyon ou? Kit ou pito sèvi avèk yon òdinatè pèsonèl, yon laptòp oswa yon smartphone, ou kapab jwenn enfòmasyon sou swen sante nan yon kote ki bon pou ou, pou konpare pri medikaman yo, pou jwenn famasi ki nan rezo plan ou, epitou pou enskri pou rapèl sou lè pou renouvele medikaman ou yo nan alèt w ap resevwa nan tèks. Tcheke li jodi a sou sit wèb **Humana.com/TourMyHumana**.

Pou menm jwenn aksè ki pi rapid nan kont ou, telechaje aplikasyon gratis MyHumana pou aparèy mobil nan App Store ou. Fè rechèch sou “MyHumana” nan Google Play oswa nan Apple app store kounye a menm. (Ou ka gen frè pou peye pou done.)

<sup>1</sup>Si ou achte yon plan Medicare endependan pou medikaman sou preskripsyon pandan ou antre nan yon plan Medicare Advantage ki gen garanti medikaman sou preskripsyon (MAPD), w ap anile enskripsiou ou otomatikman nan plan MAPD.

<sup>2</sup>Anjeneral, w ap resevwa kòmann Humana Pharmacy yo apeprè 7-10 jou apre dat ou fè kòmann lan. Rele nimewo **1-800-379-0092 (TTY: 711)** Lendi – Vandredi, 8 a.m. – 11 p.m. Samdi, ant 8 a.m. – 6:30 p.m., Fizo orè Lès, si ou pa resevwa kòmann ou nan peryòd tan sa a.

# Chwa ou yo lojik



Nan pifò domèn yo, Humana ofri twa (3) plan medikaman sou preskripsyon nan Pati D Medicare (PDP) pou ede ou ekilibre bezwen sante ou ak bidjè ou. Sonje, "endepandan" vle di yo apa avèk pwoteksyon Medicare ou. PDP endepandan yo kite ou mete garanti medikaman ou nan pwoteksyon Original Medicare oswa pwoteksyon Medicare Supplement.

## Plan Humana Walmart Rx (PDP)

## Humana Enhanced (PDP)

## Humana Preferred Rx Plan (PDP)

**Humana**<sup>®</sup>

**Walmart**

Rx Plan (PDP)

**Ajan lavant lisansye Humana** ou ap kapab ba ou enfòmasyon sou famasi espesyal ki garanti nan chak plan epitou l ap ede ou detèmine ki plan k ap satisfè bezwen ou. Chak nan plan sa yo gen karakteristik diferan, poutèt sa sonje pou pale avèk ajan ou sou sa ki pi enpòtan pou ou.

# Ekonomize lajan avèk famasi ki nan rezo a, ki toupre lakay ou epi ki bon pou ou

Rezo famasi Humana gen plis pase 60,000 famasi toupatou nan peyi a. Li gen ladan plis pase 20.000 famasi endependan ak famasi pou achte medikaman pa lapòs tankou Humana Pharmacy™.

Pou jwi avantaj plan ou, ou dwe itilize famasi ki nan rezo a. Rezo famasi nou an gen ladan kòmann pa lapòs, espesyalite, detay, swen pou anpil tan, ak administrasyon medikaman nan venn lakay ou.

## Ou ka ekonomize menm plis lajan lè ou itilize famasi chwazi yo


Achte medikaman sou preskripsyon ou yo nan famasi detayan prefere ak nan famasi pou fè kòmann pa lapòs ki gen kotizasyon nan frè prefere, pou jwenn pifò benefis nan plan ou. W ap toujou gen aksè nan lòt famasi ki nan rezo plan an, men frè pou peye pou kèk medikaman ka pi piti nan famasi ki gen kotizasyon prefere nan frè pou peye a.

Pou jwenn yon lis famasi konplè ki nan rezo nou, ale sou sit wèb [Humana.com/PharmacyLocator](http://Humana.com/PharmacyLocator). Ou kapab telechaje aplikasyon **MyHumana Mobile** pou aparèy mobil pou jwenn yon famasi ki nan rezo plan ou avèk kat jewografik ak direksyon ki ka enprime.

Epitou, w ap jwenn detay sou orè, sou sèvis ou ka jwenn pandan ou nan machin ou, ak sou medikaman espesyal ou ka jwenn. Senpleman antre adrès ou, epi deside sou ki distans ou ta renmen vwayaje pou ale nan famasi a. W ap jwenn yon lis famasi detaye nan limit distans ou chwazi ak enfòmasyon itil sou chwa pou achte medikaman pa lapòs.

“... pa gen twò lontan, mwen te pale avèk yon pasyan ki pa t konnen doktè a te chanje ... preskripsiyon li, epi sa te lakòz li pa pran medikaman an byen. Lè mwen te jwenn diferans lan, pasyan an te kapab pale avèk doktè li pou konfime enstriksyon kòrèk yo. **Mwen te kontan konnen travay mwen ede nan swen sante pasyan an.**


– Jennifer R., Famasyen Humana  
Glendale, Arizona



# Chèche konnen peryòd sispanson pwoteksyon an

Gen chans pou w te deja tande enfòmasyon sou peryòd sispanson medikaman sou preskripsiyan nan Medicare. Li rele “donut hole” nan lang Angle tou. Peryòd sispanson pwoteksyon an se peryòd lè ou gen pou peye yon pati nan depans pou medikaman ou anvan pwoteksyon Medicare siplemantè a kòmanse.

- Manm ki peye
- Konpayi asirans ki peye
- Rabè sou manifakti



\*aplike sèlman pou medikaman ki garanti nan plan ou chwazi a

\*\*kèk plan gen pwoteksyon siplemantè pandan manm lan nan peryòd sispanson an

# Kesyon moun poze souvan

## Mwen fèk vin kalifye pou Medicare. Kilè mwen ta kapab anwole?

R. Ou vin kalifye nan premye jou mwa lè ou genyen laj 65 ane oswa lè yo deklare ou kalifye pou Medicare akòz enfimite ou. Ou kapab anwole twa (3) mwa anvan epi apeprè twa (3) mwa apre ou vin kalifye pou Pati A oswa Pati B Medicare. Si anivèsè nesans ou se premye jou mwa a, ou kalifye nan premye jou mwa anvan an.

Si ou pa enskri pou Medicare lè ou gen laj 65 ane, ou ka peye yon sanksyon poutèt ou enskri anreta. Pou jwenn plis detay, ale sou sit wèb [Humana.com](http://Humana.com) oswa [www.medicare.gov](http://www.medicare.gov).

## Èske mwen kapab jwenn plis èd fanmi oswa zanmi mwen avèk desizyon plan mwen?

R. Anpil moun fè lòt moun konfyans pou ede yo avèk zafè swen sante yo. Pa egzanp, yon madanm/mari, frè/sè, timoun k ap grandi oswa yon bon zanmi w ka ede ou pale avèk nou sou plan asirans ou, swiv benefis ak reklamasyon ou, oswa reponn kesyon sou swen sante ou.

Nou kapab bay moun sa a enfòmasyon sou ou, men w ap bezwen li epi siyen yon fòm konsantman, pou pèmèt nou fè sa. Fòm sa a ap pèmèt konpayi asirans yo divilge enfòmasyon sou plan sante ba moun k ap ede ou avèk benefis ou yo. Sa diferan nan akòde pwokirasyon medikal, ki pèmèt yon moun pran desizyon konsènan swen ou. Ou kapab fè sa lè ou enskri nan plan an oswa apre ou enskri nan plan an epitou apre ou anrejistre sou sit wèb [MyHumana.com](http://MyHumana.com). Si ou ranpli fòm nan, moun sa a ap resevwa enfòmasyon tou sou pwogram ak sèvis ki la pou ou, ansanm avèk zouti ak resous pou ede li.

## Èske mwen bezwen montre kat Medicare wouj, blan ak ble mwen lè m ap achte medikaman sou preskripsiyon?

R. Non. W ap resevwa yon kat ID manm Humana k ap ranplase li. Men, se yon bon lide pou kite kat Original Medicare ou avèk kat nouvo kat ID manm Humana ou.

## Kisa mwen ta dwe fè si mwen bezwen achte medikaman sou preskripsiyon mwen yo anvan mwen resevwa kat idantite manm mwen?

R. Si ou bezwen egzekite yon preskripsiyon apre pwoteksyon ou kòmanse men anvan ou resevwa kat ID manm Humana ou, pote yon kopi prèv ki montre ou se manm pou yon ti tan nan famasi zòn ou ki nan rezo a.

## Kijan pou mwen peye prim plan an chak mwa?

- R. Si plan Humana ou gen yon lajan pou peye pa mwa, ou gen yon kantite chwa:
- Dediksyon nan Chèk Sekirite Sosyal (SSA) ou.
  - Dediksyon nan Benefis Konsèy Retrèt Chemennfè (*Railroad Retirement Board*, RRB).
  - Retrè otomatik – Fè prim plan chak mwa ou dedui nan kont kouran ou oswa nan kont-depay ou.
  - Peman otomatik avèk kat kredi – Fè yo pran peman pou prim plan ou nan yon kat kredi chak mwa.
  - Enskri pou eBilling epi w ap resevwa bòdwo epitou w ap fè peman ou yo sou Entènèt.
  - Liv Koupon – N ap voye yon tiliv koupon fich peman pou ou. Senpleman ekri yon chèk chak mwa epi voye li pa lapòs avèk fich peman pou mwa a.

## Mwen konsène pou pri yo. Èske mwen kapab jwenn èd siplemantè pou peye pou pwoteksyon plan medikaman sou preskripsiyon Humana mwen?

R. Moun ki pa touche ase ka kalifye pou jwenn èd nan pwogram Èd Siplemantè pou yo fè depans pou medikaman sou preskripsiyon yo. Pou wè si ou kalifye pou Èd Siplemantè, rele **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**, moun k ap itilize TTY/TDD yo: **1-877-486-2048**, 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn. Ou kapab rele Administrasyon Sekirite Sosyal tou nan nimewo **1-800-772-1213**, moun ki itilize TTY/TDD: **1-800-325-0778**. Biwo Èd Medikal (Medicaid) Eta kote w ap viv la kapab ede ou tou, oswa ou kapab aplike pou Èd Siplemantè sou Entènèt sou sit wèb [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov).

## Èske mwen bezwen montre kat Medicare wouj, blan ak ble mwen lè mwen ale nan klinik doktè a?

R. Non. W ap resevwa yon kat ID manm Humana k ap ranplase li. Men, se yon bon lide pou kite kat Original Medicare ou avèk kat nouvo kat ID manm Humana ou.

## Kisa mwen ta dwe fè si mwen bezwen achte medikaman sou preskripsiyon mwen yo anvan mwen resevwa kat ID mwen?

R. Si ou bezwen egzekite yon preskripsiyon apre pwoteksyon ou kòmanse men anvan ou resevwa kat ID manm Humana ou, pote yon kopi prèv ki montre ou se manm pou yon ti tan nan famasi zòn ou ki nan rezo a.

# Avi sou Pratik Konfidansyalite

**AVI SA A DEKRI FASON NOU KAPAB ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL OU AK FASON OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI REVIZE AVI SA A AVÈK ANPIL ATANSYON.**

**Konfidansyalite enfòmasyon pèsonèl ak enfòmasyon medikal ou empòtan. Ou pa bezwen fè anyen sòf si ou gen yon demann oswa yon plent.**

Nou rezève dwa pou chanje pratik konfidansyalite nou ak dispozisyon avi sa a nenpòt kilè, jan lalwa ba nou otorizasyon pou fè sa. Sa gen ladan dwa pou fè chanjman nan pratik konfidansyalite nou ak dispozisyon revize avi nou ki anvigè pou tout enfòmasyon pèsonèl ak enfòmasyon medikal nou konsève. Sa gen ladan enfòmasyon nou te kreye oswa enfòmasyon nou te resevwa anvan nou te fè chanjman yo. Lè nou fè yon gwo chanjman nan pratik konfidansyalite nou, n ap chanje avi sa a epitou n ap voye avi a ba abòne plan medikal nou.

## **Kisa enfòmasyon pèsonèl ak enfòmasyon medikal ye?**

Enfòmasyon pèsonèl ak enfòmasyon medikal – pou kounye a nou vle di “enfòmasyon” – gen ladan enfòmasyon medikal ak enfòmasyon ki kapab idantifye yon moun, tankou non, adrès, nimewo telefòn, oswa nimewo Sekirite Sosyal. Mo “enfòmasyon” ki nan avi sa a gen ladan nenpòt enfòmasyon pèsonèl ak medikal yon fousinè swen sante oswa yon plan medikal ki asosye ak sante fizik ou oswa sante mantal ou oswa maladi ou te kreye oswa te resevwa, pou ba ou swen sante, oswa pou resevwa peman pou swen sante ou yo te ba ou a. Nou pwoteje enfòmasyon sa yo nan tout fòma tankou fòm enfòmasyon elektwonik, enfòmasyon ki ekri, ak enfòmasyon oral.

## **Kijan nou pwoteje enfòmasyon ou yo?**

Nan respè pou lwa federal ak lwa leta ak règleman pa nou, nou gen yon responsabilite pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ou yo. Nou gen garanti anplas pou pwoteje enfòmasyon ou yo nan divès fason tankou:

- Limite moun ki kapab wè enfòmasyon ou yo
- Limite jan nou sèvi avèk oswa divilge enfòmasyon ou yo
- Fè ou konnen devwa legal ou sou enfòmasyon ou
- Aprann anplwaye nou yo règleman ak pwosedi konpayi an

## **Kijan nou sèvi avèk ak divilge enfòmasyon ou yo?**

Nou dwe itilize ak divilge enfòmasyon ou yo:

- Ba ou oswa ba yon moun ki gen dwa legal pou aji sou non ou
- Ba Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imèn (Secretary of the Department of Health and Human Services)
- Kote lalwa egzije sa.

Nou gen dwa pou itilize ak divilge enfòmasyon ou yo:

- Ba yon doktè, yon lopital, oswa lòt founisè swen sante pou ou kapab resevwa swen medikal
- Pou aktivite peman, tankou reklamasyon peman pou sèvis ki garanti founisè swen sante yo fè pou ou ak pou peman prim plan medikal
- Pou aktivite fonksyònman swen sante tankou travay sou enskripsiyon ou, reponn kesyon ou ak demann ou pou sèvis, fè aranjman pou ba ou swen, rezoud konfli, fè kontwòl medikal, amelyorasyon kalite, revizyon konpetans pwofesyonèl swen sante, epi desizyon sou prim
- Pou fè aktivite abònman. Men, nou p ap sèvi avèk okenn rezulta tès jenetik, ni nou p ap poze ou kesyon sou istwa fanmi ou.
- Pou konpayi ki finanse plan ou pèmèt yo fè fonksyon administrasyon plan an tankou aktivite kalifikasyon, enskripsiyon, ak anilasyon enskripsiyon. Nou kapab divilge enfòmasyon sou sante ki nan nivo rezime konsènan oumenm ba esponsò plan ou nan sèten sitiyasyon tankou pou pèmèt esponsò plan ou jwenn soumisyon nan lòt plan sante. Nou p ap divilge enfòmasyon detaye sou sante ou ba esponsò plan an sòf si ou ban nou pèmisyon pou fè sa, oswa si esponsò plan ou te sètifye yo dakò pou respekte konfidansyalite enfòmasyon ou yo.
- Pou kontakte ou avèk enfòmasyon sou benefis ak sèvis ki anrapò ak sante, pou fè ou sonje ou gen randevou, oswa sou lòt kalite tretman ki ka enterese ou si ou pa t chwazi pou pa patisipe jan sa dekri anba la a
- Ba fanmi ou ak zanmi ou si ou pa disponib pou komunikasyon, tankou nan yon ijans
- Ba fanmi ak zanmi ou oswa ba nenpòt moun ou idantifye, depi enfòmasyon yo gen empòtans dirèk pou patisipasyon yo nan swen sante ou oswa nan peman pou swen sante a. Pa egzanp, si yon manm fanmi oswa yon moun k ap bay swen rele nou pandan yo te konnen gen yon reklamasyon ki fèt, nou kapab konfime si nou te resevwa ak peye reklamasyon oswa nou kapab konfime si sa pa t fèt.
- Pou bay enfòmasyon sou peman abòne pou jistifikasiyon Internal Revenue Service
- Ba biwo sante publik, si nou kwè gen yon menas grav pou sante ak sekirite ou
- Ba otorite awopriye lè gen pwoblèm anrapò avèk abi, neglijans, oswa vyolans nan kay

- Pou egzekite yon lòd tribinal oswa yon lòd administratif, asiyasyon pou konparèt, demann komunikasyon pyès, oswa lòt pwosesis legal
- Pou objektif lapolis, ba otorite militè ak lè lalwa egzije sa
- Pou ede nan efè pou bay soulajman nan katastwòf
- Pou pwogram konsantman volontè ak aktivite sipèvizon sante
- Pou satisfè obligasyon nou yo anba nenpòt lwa konpansasyon travayè oswa nenpòt kontra
- Pou pwoteksyon kont yon menas grav ak imedyat pou sante ou oswa sekirite ou oswa sante oswa sekirite lòt moun
- Pou objektif rechèch nan sikontans limite
- Pou jwenn, estoke oswa transplante ògàn, zye oswa tisi
- Ba yon doktè/medsen lejis oswa direktè ponp finèb.

### **Èske n ap sèvi avèk enfòmasyon ou yo pou objektif ki pa dekri nan avi sa a?**

Nan tout ka ki diferan ak sa ki dekri nan avi sa a, n ap mande pèmisyon ou alekri anvan nou sèvi avèk oswa divilge enfòmasyon ou yo. Ou kapab anile pèmisyon ou nenpòt lè depi ou notifye nou alekri. Nou p ap itilize oswa divilge enfòmasyon ou yo pou rezon ki pa dekri nan avi sa a san pèmisyon ou. Men sikontans ak divilgasyon k ap lakòz nou oblige gen yon otorizasyon:

- Pifò sikontans ak divilgasyon nòt sikoterapi.
- Objektif maketing
- Lavant enfòmasyon pwoteje sou sante

### **Kisa nou fè avèk enfòmasyon ou yo lè ou pa yon manm Humana ankò oswa lè ou pa jwenn pwoteksyon nan konpayi asirans nou?**

Enfòmasyon ou yo ka kontinye sèvi pou objektif ki dekri nan avi sa a lè ou pa manm oswa lè ou pa jwenn pwoteksyon nan konpayi asirans nou. Apre peryòd konsèvasyon legal ki obligatwa a, nou detwi enfòmasyon yo dapre pwosedi serye pou konsève konfidansyalite.

### **Ki dwa mwen genyen konsènan enfòmasyon mwen yo?**

Sa ki anba la a se dwa ou anrapò avèk enfòmasyon ou yo. Nou pran angajman pou reponn demann kòrèk ou nan yon jan ki apwopriye:

- Aksè – Ou gen dwa pou revize ak jwenn yon kopi enfòmasyon ou ki kapab sèvi pou pran desizyon sou ou, tankou reklamasyon ak ka oswa dosye pou

kowòdinasyon medikal. Ou kapab resevwa tou yon rezime enfòmasyon sante sa yo. Si ou fè demand kopi, nou kapab fè ou peye yon frè pou chak paj, yon frè pa èdtan pou tan anplwaye yo pase pou chèche ak fè kopi enfòmasyon ou, ak frè pou yo voye li pa lapòs pou ou.

- Desizyon Negatif pou Abònman – Ou gen dwa pou nou fè ou konnen yon rezon ki fè nou ba ou refi oswa yon rezon ki fè nou pran yon desizyon negatif si Humana bay refi pou aplikasyon ou oswa pou asirans.\*
- Lòt jan pou Kominike – Ou gen dwa pou resevwa komunikasyon konfidansyèl enfòmasyon nan yon mannyè diferan oswa yon kote ki diferan pou evite yon sitiyasyon ki menase lavi ou. N ap satisfè demand ou si demand lan rezonab.
- Amannman – Ou gen dwa pou fè demann yon amannman enfòmasyon nou genyen sou ou, si ou kwè enfòmasyon yo pa kòrèk oswa pa konplè. Nou kapab refize demand ou si se pa ki te kreye enfòmasyon yo, si nou pa konsève enfòmasyon yo, oswa si enfòmasyon yo kòrèk ak konplè. Si nou refize demand ou, n ap ba ou yon eksplikasyon refi a alekri.
- Divilgasyon – Ou gen dwa pou resevwa yon lis egzanp kote nou-menm oswa asosye biznis nou te divilge enfòmasyon ou yo pou objektif ki diferan ak aktivite tretman, peman, fonksyònman plan sante a, ak pou kèk lòt aktivite. Nou konsève enfòmasyon sa yo, epitou nou mete yo disponib pou ou pou yon peryòd sizan, si ou fè demann lan. Si ou mande lis sa a plis pase yon fwa nan yon peryòd 12 mwa, nou kapab fè ou peye yon frè rezonab ki baze sou depans ki fèt pou satisfè demand adisyonèl sa yo.
- Avi – Ou gen dwa pou resevwa yon kopi ekri avi sa a nenpòt lè ou fè demann lan.
- Restriksyon – Ou gen dwa pou mande pou nou mete restriksyon sou jan nou sèvi avèk oswa jan nou divilge enfòmasyon ou yo. Nou pa gen obligasyon pou dakò ak restriksyon sa yo, men si nou dakò, n ap respekte akò nou fè a. Ou gen dwa tou pou dakò oswa ak restriksyon ou te soumet anvan an oswa pou mete yon pwen final ladan.

### **Ki kalite komunikasyon mwen kapab pa vle pou yo ban mwen?**

- Fè ou sonje randevou ou yo
- Lòt kalite tretman oswa lòt benefis oswa lòt sèvis sante
- Aktivite pou ranmase lajan

# Avi sou Pratik Konfidansyalite

## Kijan pou mwen egzèse dwa mwen oswa kijan pou mwen jwenn yon kopi avi sa a?

Ou kapab egzèse tout dwa konfidansyalite ou depi ou jwenn fòmilè demand dwa konfidansyalite ki anvige yo. Ou kapab jwenn nenpòt fòm yo depi ou:

Kontakte nou nan nimewo **1-866-861-2762**

(**TTY:711**) nenpòt lè

- Ale sou sit wèb nou nan **Humana.com** epi ou klike sou lyen «Privacy Practices» (Pratik Konfidansyalite)
- Imèl nou nan **privacyoffice@humana.com**
- Voye fòm demann ou ranpli a nan adrès:

Humana Inc.  
Privacy Office 003/10911  
101 E. Main Street  
Louisville, KY 40202

## Kisa mwen ta dwe fè si mwen kwè yo vyole konfidansyalite mwen?

Si ou kwè yo te vyole konfidansyalite ou nan nenpòt jan, ou ka pote plent nan Humana. Pou fè sa, ou dwe rele nou nan nimewo **1-866-861-2762 (TTY:711)** nenpòt lè.

Ou kapab soumèt yon plent alekri tou nan Ministè Sante ak Sèvis Imèn Etazini, Biwo Dwa Sivil (*Office of Civil Rights, OCR*). N ap ba ou adrès reyjonal apwopriye OCR depi ou fè demand lan. Ou genyen chwa tou pou voye plent ou nan imèl ba [OCRComplaint@hhs.gov](mailto:OCRComplaint@hhs.gov). Nou sipòte dwa ou pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon pèsonèl ou ak enfòmasyon sou sante ou. Nou p ap fè vanjans kont ou nan okenn fason si ou chwazi pou pote plent ban nou oswa nan Ministè Sante ak Sèvis Imèn Etazini.

Nou swiv tout lwa federal ak lwa leta, règ ak règleman ki abòde pwoteksyon enfòmasyon pèsonèl ak enfòmasyon medikal. Nan ka kote lwa federal ak lwa leta, règ ak règleman yo an konfli, nou swiv lalwa, règ oswa règleman ki ofri pi plis pwoteksyon pou manm lan.

## Kisa k ap pase si yo sèvi avèk oswa divilge enfòmasyon prive mwen yon jan ki pa apwopriye?

Ou gen yon dwa pou resevwa yon avi lè te gen yon vyolasyon nan enfòmasyon prive ou ki pa pwoteje epi ki sèvi avèk oswa divilge yon jan ki pa apwopriye. N ap fè ou konnen sa nan yon jan ki apwopriye si gen yon vyolasyon konsa.

Filyal ak anèks ki anba la yo konfòme yo tou avèk règleman ak pwosedi konfidansyalite enfòmasyon prive nou:

American Dental Plan of North Carolina, Inc.  
American Dental Providers of Arkansas, Inc.  
American Eldercare, Inc.  
Arcadian Health Plan, Inc.  
Arcadian Management Services  
CarePlus Health Plans, Inc.  
Cariten Health Plan, Inc.  
CHA HMO, Inc.  
CompBenefits Company  
CompBenefits Dental, Inc.  
CompBenefits Insurance Company  
CompBenefits of Alabama, Inc.  
CompBenefits of Georgia, Inc.  
DentiCare, Inc.  
Emphesys Insurance Company  
HumanaDental Insurance Company  
Humana Benefit Plan of Illinois, Inc. fna OSF Health Plans, Inc.  
Humana Employers Health Plan of Georgia, Inc.  
Humana Health Benefit Plan of Louisiana, Inc.  
Humana Health Company of New York, Inc.  
Humana Health Insurance Company of Florida, Inc.  
Humana Health Plan of California, Inc.  
Humana Health Plan of Ohio, Inc.  
Humana Health Plan of Texas, Inc.  
Humana Health Plan, Inc.  
Humana Health Plans of Puerto Rico, Inc.  
Humana Insurance Company  
Humana Insurance Company of Kentucky  
Humana Insurance Company of New York  
Humana Insurance of Puerto Rico, Inc.  
Humana Medical Plan, Inc.  
Humana Medical Plan of Michigan, Inc.  
Humana Medical Plan of Pennsylvania, Inc.  
Humana Medical Plan of Utah, Inc.  
Humana Pharmacy, Inc.  
Humana Regional Health Plan, Inc.  
Humana Wisconsin Health Organization Insurance Corporation  
Kanawha Insurance Company\*  
Managed Care Indemnity, Inc  
M.D. Care, Inc.  
The Dental Concern, Inc.  
Humana Dental Concern, Ltd

\*Filyal ak anèks sa yo konsène sèlman nan Avi sou Konfidansyalite Enfòmasyon Prive konsènan sou enfòmasyon finansye.

# Si ou chwazi pou enskri jodi a, mèsi!

## Men sa k ap pase answit:

- Chwazi kijan ou ta renmen **Kòmanse** avèk Humana – sou Entènèt nan **MyHumana.com** oswa pa lapòs.
- Si ou fè chwa ou sou Entènèt se pi bon jan pou toujou òganize ou nan vitès pa ou. Apre ou enskri nan plan an avèk ajan ou, n ap voye yon imèl ba ou. Apre sa, ou kapab ale sou sit wèb **MyHumana.com**, nenpòt lè. Gid nou ki sou Entènèt la ap ede ou jwenn pifò avantaj plan ou anvan li vin anvigè. Ou kapab wè dokiman plan ou tou, ansanm ak:
  - Konfirmasyon Enskripsiyon ou
  - Gid Manm (Ti Koutje sou Benefis yo ak lòt enfòmasyon ki espesyal pou plan an)
  - Dokiman Pwoteksyon Plan an (Prèv Pwoteksyon an, Rezime Benefis yo, Klasman Stars Plan an, Sèvis Valè Ajoute, Anyè Pwofesyonèl Swen Sante ak Gid pou Medikaman)
  - Enfòmasyon sou Renouvèlman (Avi Anyèl plan an sou Chanjman/Prèv Pwoteksyon ak Gid Medikaman pou pwochen ane plan an)

(Selon dat enskripsiyon ou, nou ka voye dokiman sa yo pou ou pa lapòs.)

Humana ap soumèt aplikasyon ou ranpli a ba CMS pou konfime kalifikasyon ou. W ap resevwa kat ID manm Humana ou nan dis (10) jou apre CMS apwouve enskripsiyon ou. W ap resevwa dezoutwa lòt koutfil apre ou antre nan plan an. Ajan ou ap rele ou pou mande si tout bagay ap mache byen, epitou yon enfimyè ka rele ou sou pwoblèm medikal kwonik oswa pou lòt bezwen espesyal.



# Sèvi avèk kat rapèl itil sa a pou kenbe enfòmasyon debaz yo sou nouvo plan ou pre ou

- Ajan lavant mwen: \_\_\_\_\_
- Non plan an: \_\_\_\_\_
- Dat li kòmanse: \_\_\_\_\_
- Peman pa mwa: \_\_\_\_\_
- Franchiz: \_\_\_\_\_
- Kopeman PCP: \_\_\_\_\_



Si ou gen nenpòt kesyon,  
tanpri rele ekip Sèvis Kliyantèl  
Humana nan nimewo

**1-800-714-0160 (TTY: 711).**

Orè a se 8 a.m. jiska 8 p.m.,  
sèt jou sou sèt jiska 15 fevriye  
2016, epi ant 8 a.m. – 8 p.m.,  
Fizo orè Lès, Lendi – vandredi,  
pou rès ane a.

## Mèsi poutèt ou konsidere Humana

Nou fyè anpil pou di nou se youn nan pi gwo administratè plan Medicare Advantage ki nan peyi a.<sup>1</sup> Nou te ofri premye plan Medicare nou nan ane 1987, epi jodi a prèske 7,5 milyon<sup>2</sup> benefisyè ki nan Medicare chwazi nou pou vin patnè yo nan swen sante. Epi se yon patenarya – paske nan Humana, swen sante se plis pase peman bòdwo ou yo lè ou bezwen swen sante; objektif nou se pou ede manm nou yo vin gen byennèt pandan tout lavi yo.

Men kèk jan Humana ap ede ou senplifye eksperyans swen sante ou:

- **Sipò nan Enskripsyon** – Nenpòt kijan ou chwazi pou w enskri, n ap ede ou konprann chwa yo ak fè yon chwa ki byen kalkile.
- **Kapasite pou adapte pwoteksyon ou pou ou** – Anpil nan plan Medicare Advantage nou yo genyen benefis siplémentè ou ka chwazi, tankou garanti pou swen nan dan ak pou swen nan zye, si ou vle peye pou yo. Sa ap pèmèt adapte garanti ou ak ou pou pwoteksyon siplémentè.
- **Sipò pou sante jeneral ou ak byennèt ou** avèk sèvis ak pwogram ki satisfè tout bezwen sante ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Humana, ale nan sit wèb [Humana.com](http://Humana.com).

<sup>1</sup>Herman, Bob. "Medicare Advantage planifie yon ogmantasyon 1,25% pou ane 2016," modernhealthcare.com, Avril 2015

<sup>2</sup>Humana Inc. Piblikasyon Revni Premye Trimès 2015, Avril 2015





Humana se yon òganizasyon Medicare Advantage ak yon plan endependan pou medikaman sou preskripsiyon ki gen yon kontra avèk Medicare. Enskripsyón nan nenpòt plan Humana depannde renouvelman kontra a. Enfòmasyon sou benefis ki endike la a se yon ti rezime, men se pa yon deskripsiyon detaye benefis yo. Enfòmasyon sa yo pa yon deskripsiyon konplè benefis yo. Kontakte plan an pou jwenn plis enfòmasyon. Limit, kopeman ak restriksyon kapab aplike. Benefis yo, peman pa mwa yo ak kotizasyon manm nan frè yo ka chanje 1ye Janvye chak ane. Ou dwe kontinye peye prim Pati B Medicare ou. Humana MyOption<sup>SM</sup> Optional Supplemental Benefits (OSB) disponib sèlman pou manm sèten plan Humana Medicare Advantage (MA). Moun ki nan plan Humana ki ofri OSB yo ka enskri nan OSB yo pandan tout ane a. Benefis yo ka chanje 1ye janvye chak ane. Manm yo dwe kontinye peye prim Pati B Medicare, prim plan Humana yo ak prim OSB.

Rezo famasi Humana ofri aksè limite nan famasi ki gen kotizasyon prefere nan frè yo nan zòn laval AL, CA, CT, DC, DE, GA, IA, IL, IN, KY, MA, MD, ME, MI, MN, MO, MS, MT, NC, ND, NH, NJ, NY, OH, OR, PA, RI, SC, SD, TN, VA, VT, WA, WV, WY; zòn banlye AZ, CA, CT, DE, HI, IL, IN, MA, MD, ME, MI, MN, MO, MT, ND, NH, NJ, NY, OH, OR, PA, PR, RI, VT, WA, WV; ak zòn riral AK, DC, IA, MN, MT, ND, NE, SD, VT, WY. Ou kapab pa ka jwenn pri pi piti ki nan reklam nan materyèl plan nou an pou famasi sa yo, nan famasi w ap sèvi a. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou famasi rezo nou an, ansanm ak famasi ki gen kotizasyon prefere nan frè yo, tanpri rele Sèvis Manm nan nimewo **1-800-281-6918 (TTY: 711)** oswa ale nan anyè famasi a sou sit wèb Humana.com.

Enfòmasyon sa yo disponib pou gratis nan lòt lang yo. Tanpri rele anplwaye Sèvis Kliyantèl nou nan nimewo **1-800-457-4708 (TTY: 711)**. Orè a se 8 a.m. jiska 8 p.m., sèt jou sou sèt jiska 15 fevriye 2016, epi ant 8 a.m. – 8 p.m. lendi – vandredi, rès ane a.

This information is available for free in other languages. Please call our Customer Service number at **1-800-457-4708 (TTY: 711)**. Hours are 8 a.m. – 8 p.m., seven days a week through Feb. 15, 2016, and 8 a.m. - 8 p.m., Monday – Friday, the rest of the year.

Esta información está disponible gratuitamente en otros idiomas. Póngase en contacto con nuestro Departamento de Servicio al Cliente al **1-800-457-4708 (TTY: 711)**. Nuestro horario de atención es de 8 a. m. a 8 p. m., los siete días de la semana hasta el 15 de febrero de 2016, y de 8 a. m. a 8 p. m., de lunes a viernes durante el resto del año.

本資訊也有其他語言的免費版本可供選擇。請致電客戶服務部：**1-800-457-4708 (聽障專線：711)**。2016年2月15日以前，辦公時間為每週7天，每天上午8時至晚上8時；之後到年底為週一至週五上午8時至晚上8時。

# Humana<sup>®</sup>

